

## Kòd Konduit Pasyan

Nan kad angajman nou pou ofri pèsònèl nou an ak pasyan nou yo yon anviwònman san danje ak bon pou lasante. Cambridge Health Alliance (CHA) vle pou pasyan yo ak vizitè yo pa gen konpòtman ki deranje oswa ki reprezante menas pou dwa ak sekirite lòt pasyan, vizitè ak manm nan pèsònèl la.

Pawòl oswa aksyon ki derespektan, rasis, diskriminatwa, ostil oswa k ap tizonnen pa byenvini nan Cambridge Health Alliance (CHA). Men kèk egzanzp:

- Pote zam afe oswa lòt zam sou pwopriyete CHA
- Menas ak atak fizik oswa vèbal
- Nenpòt ki kòmantè sou ras, aksan, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl, oswa lòt trè pèsònèl lòt moun. (ni ekri ni pale)
- Refi wè yon pwofesyonèl medikal oswa yon lòt manm nan pèsònèl la poutèt ras, aksan, relijyon, oryantasyon seksyèl, oswa lòt trè pèsònèl li.
- Langaj chokan tankou paregzanzp pawòl oswa aksyon vyolan/seksyèl/vilgè.
- Deranje laswenyay oswa eksperyans yon lòt pasyan.
- Pran foto oswa videyo pasyan, vizitè, ak/oswa manm nan pèsònèl la san otorizasyon.

Si Cambridge Health Alliance panse ou vyole Kòd Konduit Pasyan an avèk pawòl oswa aksyon ki pa byenveni, y ap ba ou chans eksplike yon manm ekip swen pasyan w lan pozisyon ou. N ap toujou byen konsidere repons ou anvan nou pran kèlkeswa desizyon an sou swen ou pi devan nan CHA. Vyolasyon kòd konduit pasyan sa a gen dwa lakòz yo mande ou fè lòt aranjman pou laswenyay ou epi li gen dwa egzije pou nou egzaminen si pi devan n ap ba ou laswenyay ki pa ijans nan Cambridge Health Alliance.

Si oumenm, kòm pasyan CHA, ou temwen oswa sibi nenpòt nan konpòtman sa yo, tanpri rapòte li bay yon manm nan ekip swen w lan. Nou entèdi reprezay poutèt yon moun rapòte yon vyolasyon.